



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN ETAP ENPÒTAN YO ATENN NAN NOUVO ESTASYON SCHENECTADY A**

***Demolisyon Bilding yo te Konstwi nan Ane 1970 yo ap Kreye Espas pou yon Estasyon Modèn k ap Koute 23 Milyon dola – Repezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)***

***Yo Fini Plis pase 181 Milyon Dola nan Amelyorasyon Ray yo Deja, sa k ap Amelyore Sèvis Tren Vwayajè yo soti Vil New York Rive Niagara Falls***

***Yo pral Envesti 33 Milyon Dola Adisyonèl nan Kòmand Entegral Tren yo nan Liy Hudson lan, sa k ap Amelyore Sekirite Tren yo sou Ray yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse demolisyon Estasyon Schenectady a deja ankou, sa k ap kreye espas pou yo mete yon nouvo estasyon tren modèn pou konekte vwayajè yo ak Vil New York, Niagara Falls ak pi lwen toujou. Estasyon sa a pral konplètman aksesib epi pwojè a ap koute 23 milyon dola ototal, 17 milyon dola k pa soti nan finansman eta pral finanse depans konstriksyon yo epi 2 milyon dola adisyonèl k ap soti nan finansman eta ap pou sèvis enjeniri ak lòt depans pwojè a yo. Pwojè sa se yon lòt pwojè anplis k ap fèt pwojè amelyorasyon ray enpòtan yo ki te koute 181 milyon dola ki fini resaman sou Empire Corridor la nan Rejyon Kapital la, sa k ap soulaje blokis, modènize sèvis yo, redwi tan vwayaj ak amelyore aksesibilite ant vil yo pou kliyan tren vwayajè yo k ap vwayaje ant Vil New York la ak Niagara Falls yo.

“Nouvo Estasyon Schenectady a pral founi vwayajè yo yon tren pratik modèn, l ap sipòte renesans k ap kontinye fèt nan sant vil la epi l ap kreye yon nouvo antre pou kominote a, sa k ap ede konekte yo ak rès eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Estasyon sa a, melanje ak lòt amelyorasyon k ap fèt nan ray nan zòn lan yo, pral amelyore efikasite ak fyabilite, l ap amelyore eksperyans tren an pou pasaje atravè New York yo, epi l ap sipòte investisman istorik n ap fè nan enfrastrikti toupatou atravè eta yo.”

Travay yo te kòmanse nan prentan ki sot pase la pou prepare sit la pou yo ka mete nouvo estasyon an, ki gen ladan konstriksyon platfòm ak konkous pou nouvo estasyon an. Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYS DOT) pral fè piblisite nan otòn k ap vini la pou yon konpayi ki pral konstwi bilding nouvo estasyon an, yo atann k ap ouvri pòt yo nan fen lòt ane k ap vini an. Repezantasyon grafik pati eksteryè pandan lajounen yo disponib [isit la](#), repezantasyon grafik pati eksteryè pandan lannwit yo disponib [isit la](#) epi repezantasyon grafik pati

enteryè yo disponib [isit la](#) ak [isit la](#).

Pwojè estasyon an ap konplèman twa pwojè pou Vil Schenectady gouvènman federal la ap finanse yo kote yo te depansé 16.5 milyon dola nan amelyorasyon nan Erie Boulevard la ki gen ladan yon pwojè 1.5 milyon dola k ap reyabilté wout la soti Union Street rive Nott Street ane sa a. Pwojè sa a gen ladan reyasfalte, amelyore adaptasyon pou pyeton yo ak nouvo makaj pou twotwa yo ak limyè siyalizasyon yo. Yon pwojè 11.6 milyon dola ki te fini an 2015, ki te redevlope otowout I-890 a rive Liberty Street avèk amelyorasyon ki te fèt nan peyizaj bò lari yo, y ap plante yon tè-plen santral ki elve, amelyorasyon nan limyè siyalizasyon yo, amenajman nan drenaj yo ak nouvo bòdi twotwa yo ak twotwa yo. Ane pase, yon pwojè 3.6 milyon dola te enstale yon wonpwen nan kafou Erie Boulevard ak Nott Street ak Front Street la, sa k ap ede soulaje blokis sikilasyon nan lokalite ki plen anbouteyaj sa a.

Yo te amelyore konsepsyon bilding lan pou l vin pi favorab a pasaje yo epi pou l gen meyè ekleraj nan istwa Schenectady. Nouvo estasyon an pral yon ti jan pi laj pase ansyen estasyon an. Yo tire enspirasyon pou konsepsyon an apati de achitekti ak estetik ansyen Union Station lan, yo te konstwi nan menm lokalite a an 1910. Konsepsyon an gen ladan yon fasad ki fèt an brik wouj ki gen pilast an wòch gri ak kònich k ap ankadre bilding lan. Nan antre prensipal la pral gen yon gwo tou dòlò dore an ò nan mitan l k ap gen yon jiwèt sou tè li ki fèt nan fòm jewografik Eta New York la. Bilding lan pral gen fenèt an ak aplizyè etaj ak yon vout vèt pou bay lonbray ak pou pwoteje vwayajè yo kont eleman k ap soti nan lòt twa bò bilding lan yo.

Anndan, estasyon an pral ekspeze imaj Kanal Erie a, ak ansyen triyaj tren Alco a, pral gen yon mi atefak ki dekore ak ti zouti a men yo, lantèn, ak lòt atik komemoratif istorik vil la yo, epi ap gen yon kat jewografik atè nan antre a k ap mete aksan sou anplasman kote Schenectady ye sou kat jewografik Eta New York la pami wout koridò prensipal tren vwayajè yo. Pati enteryè a pral genyen tou plafon ki wo an vout ak yon mi ki fèt an brik ki gen yon revèy laj nan mitan l. Gen plan pou yo mete yon kyòsk k ap vann kafe, espas pou chaje aparèy elektwonik yo ak Sistèm pou Afiche Enfòmasyon pou Pasaje yo ki pral afiche pozisyon aktyèl tren an yo.

Yon nouvo konkous pral founi aksè a yon nouvo platfòm nan estasyon an, k ap gen yon nouvo asansè. Platfòm lan pral founi yon dezyèm opsyon sòti yo ka itilize nan ka gen ijans.

Nouvo estasyon an ak kat lòt gwo pwojè sou ray tren ankò yo te posib gras a akò monimantal Gouvènè Cuomo te rive jwenn an Desanm 2012 la, ki se yon lwaye alontèm ant CSX Corporation ak Amtrak, ki te pèmèt Amtrak pran kontwòl 151 kilomèt Liy Hudson lan ant Schenectady ak Poughkeepsie. Sa fenk bay tren vwayajè yo priyorite sou tren ki pote machandiz yo epi l ap trase chemen an pou kat gran pwojè enpòtan ak lòt travay ankò ki pral lakoz gran amelyorasyon nan sèvis yo sou youn nan koridò tren banlye ak tren ki pote machandiz ki gen plis anbouteyaj nan nasyon an. Vennsis tren vwayajè pase sou Liy Hudson lan pa jou, kote yo ap fonksyone a vitès ki konn rive jiska 177 kilomèt alè.

Y ap fini ti travay piti nan pwojè sa yo, Depatman Transpò Eta New York la ak Amtrak t ap fè pwogrese ansanm yo. Pwojè yo te resevwa 155.5 milyon dola nan finansman

federal, ki gen ladan 147.6 milyon dola nan fon ki soti nan Lwa Rekouvreman ak Reyenvestisman Ameriken 2009 la (American Recovery and Reinvestment Act). Eta New York te bay 23.15 milyon dola nan finansman korespondan.

Depi kontra lwaye 2012 la, Eta New York la ak Amtrak te fini apeprè 40 milyon dola nan reparasyon antretyen ak amenajman, ki gen ladan ranplasman pon pasrèl yo, reyabilitasyon nan pon ak kanivo yo, repyese koub yo. Yo te ranplase apeprè 80,000 travès chemenn fè yo ant Rensselaer ak Poughkeepsie pandan dezan ki sot pase la yo. Yo gen plan pou yo ranplase yon lòt 55,000 travès ankò pandan ete sa a.

Anplis de sa a, Eta New York la te akòde plis pase 33 milyon dola nan fon sibvansyon Federal pou Administrasyon Chemenn Fè yo (Federal Railroad Administration) resaman pou fè plis amenajman nan sekirite ray tren yo lè yo enstale teknoloji Kòmand Entegral Tren yo nan Seksyon Liy Hudson lan sou Empire Corridor la ant Poughkeepsie ak Schenectady. Yo konsepsyone sistèm Kòmand Entegral Tren yo pou prevni aksidan tankou derayman ak kolizyon ant tren yo lè yo retire potansyèl pou gen erè imen nan fonksyonman tren yo.

Sistèm Kòmand Entegral Tren yo itilize sistèm kòmand, kontwòl, kominikasyon, ak enfòmasyon entegre yo konsepsyone pou kontwole mouvman tren yo avèk sekirite, sètitud, presizyon, ak efikasite. Lwa sou Amelyorasyon Sekirite Tren 2008 la (Rail Safety Improvement Act, RSIA) te egzije pou yo mete anplas Kòmand Entegral Tren yo atravè yon grand pòsyon endistri tren nan peyi a yo anvan 31 Desanm 2015, yon delè Kongrè a te rapòte a 31 Desanm 2018.

**Komisyonè Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation) Matthew J. Driscoll te deklare:** “Gouvènè Cuomo konnen konbyen transpò enpòtan pou mobilite ak kwasans. Nan Eta New York la, sèvis tren vwayajè yo enpòtan anpil. Nouvo estasyon Schenectady a ak lòt pwojè nan ray tren lokal yo ap ede amelyore sèvis, aksesibilite ak fyabilite atravè tout eta a nèt.”

Kat pwojè yo rete pou fini yo gen ladan:

- Pwojè Vwa Ferye Doub Albany-Schenectady an – Pwojè k ap koute 91.2 milyon dola sa a te konstwi yon dezyèm vwa ferye sou 27 kilomèt ant Albany ak Schenectady pou yo ka redwi blokis la nan yon fason konsiderab. Pwojè a ap double kapasite ant de vil la yo epi li elimine yon pwen anbouteyaj pou tout Empire Corridor la nèt, sa k ap amelyore pèfòmans tan vwayaj pou tout tren ant Albany ak pwen alwès yo. Pwojè a te kòmanse an 2012 epi dènye Pwen Kontwòl la ki yon ti jan alwès Estasyon Schenectady a te kòmanse fonksyone 26 Jen an, sa ki te pèmèt tren yo kòmanse vwayaje sou nouvel vwa ferye yo.
- Katriyèm Vwa Ferye nan Estasyon Rensselaer la, nan Konte Rensselaer la – Pwojè k ap koute 50.5 milyon dola sa a te konstwi yon katriyèm vwa ferye nan estasyon an epi modènize sistèm siyalizasyon an konplètman. Anplis de sa a, yo te agrandi toude platfòm pasaje yo pou pi byen sèvi tren ki pi long lan, tren ki rele Lakeshore Limited la. Amenajman yo – ki te fini pandan prentan ki sot pase la – rann li pi fasil pou monte ak desann tren yo nan estasyon an epi redwi reta, sa ki finalman ap rann tan vwayaj la yo pi kout. Avan pwojè sa a, tren yo te bezwen rete tann deyò estasyon an pandan jiska 20 minit avan yon platfòm vin disponib,

sa ki te lakòz blokis nan estasyon an ak reta pou pasaje yo. Pwojè sa a se yon pwojè yo te finanse avèk lajan Eta a ansanm ak lajan federal. Anplis de sa a, Eta New York la te bay 3.5 milyon dola pou reyabilite toude asansè platfòm yo epi ranplase toude eskalye mekanik lan yo. Travay nan nouvo eskalye mekanik yo ap fini an otòn ka p vini la.

- Amenajman nan Pasaj a Nivo ki sou tout Longè zòn sid Empire Corridor la – Pwojè 2.45 milyon dola sa ap amelyore sekirite pou veyikil a motè ak tren yo nan 13 pasaj a nivo nan konte Columbia, Dutchess ak Rensselaer yo. Travay la gen ladan enstalasyon nouvo limyè dyòd liminez (LED), flach ak klòch elektwonik, endikatè vitès, nouvo baryè ak lòt amelyorasyon nan kafou yo. Travay k ap fèt nan pasaj a nivo yo – Green Street nan Castleton, nan Konte Rensselaer, pral fini pandan ete sa a.
- Amelyorasyon nan Liy Siyalizasyon osid Rensselaer yo – Pwojè k ap koute 36.5 milyon dola sa te amelyore fyabilite sèvis chemennfè a nèt, sitou lè gen move tan. Pwojè sa a, yo te fini l pandan prentan ki sot pase la, yo te ranplase plis pase 96 kilomèt fil siyal pou antere liy ki sou bò ray sou chemennfè a yo, epi pou ranplase enstalasyon fil ki la depi 30 tan pou mete nouvo kab elektrik anba tè ak nouvo sikwi elektwonik sou chemennfè a. Pwojè a te enstale tou kab fib optik, yo pral itilize yo pou sipòte Sistèm Kòmand Entegre Tren yo alavni pou Liy Hudson lan. Yo te retire poto ki gen fil pou limyè siyalizasyon sou koridò yo tou. Nan tan pase, fil limyè siyalizasyon yo te souvan sous blakawout sou liy Hudson lan, sitou lè gen move tan. Apeprè 30 pousan nan reta nan zòn sid Albany pandan move tan yo te akòz move fonksyonman oswa domaj nan limyè siyalizasyon yo.

Nouvo Estasyon Schenectady a pral pi laj pase estasyon ki la kounye a, yo te konstwi l nan ane 1970 yo. Estasyon an pral ofri yon espas sal datant ak kote pou achte tikè ki konfòtab, ansanm ak amelyore aksesibilite pou moun ki gen andikap yo.

Yo pral amelyore pakin ak aksè a bekàn ak pou pyeton yo tou. Yo pral rekonsepsyone plan pakin yo ak twotwa yo, epi yo pral ajoute ekleraj yo sipò pou bekàn yo. Yo pral mete peyizaj ki pral amelyore bote etablisman an.

**Manm Kongrè Paul Tonko te deklare:** “Transfòmasyon k ap kontinye fèt nan estasyon tren Schenectady a ap ajoute sou investisman k ap fèt deja nan kominote sa a epi li pral peye dividand pou anpil deseni k ap vini ankò. Rekonstriksyon estasyon sa a non sèlman ap ajoute sou sekirite ak fyabilite transpò nan tren nan rejyon an yo, li ap sipòte tou ekonomi lokal la ki gen ladan biznis yo tankou rezidan yo. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè Cuomo ak lòt lidè onivo eta ak onivo lokal yo pou nou agrandi efò tankou sila sa a pou rekonstwi enfrastrikti nou an epi poze fondasyon pou kwasans ekonomik solid nan Konte Schenectady a ak pi lwen toujou.”

**Senatè Jim Tedisco di konsa,** “Nouvo Estasyon Schenectady a ap soulaje blokis la, l ap amelyore fyabilite epi founi teknoloji modèn depwent pou pasaje yo, konsa li pral vin yon atou ki enpòtan anpil pou sistèm enfrastrikti transpò Rejyon Kapital la. Nouvo estasyon tren sa a pral yon pòt dantre pou vizitè yo ki vin wè revitalizasyon k ap fèt nan sant vil Schenectady a epi li pral ede pote plis moun ak komès nan 49èm Distri Sena a. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè Cuomo pou nou wè pwojè enpòtan sa a fini.”

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te di,** “Antanke yon Enjenyè Sivil k ap sèvi nan

Asanble Eta nou an, mwen konnen enfrastrikti transpò a yo enpòtan anpil pou kwasans ekonomik ak vitalite vil nan rejyon nò yo tankou Schenectady. Pandan Vil Elektrik la ap kontinye vin yon destinasyon favori nan rejyon nò a, pwojè mayifik sa a ap pote jeni ak teknoloji 21èm syèk pou rann vwayaj pi sekirize ak pi fasil pou rezidan ak vizitè yo k ap soti toupatou atravè eta a pou yo vini epi patisipe nan tout sa nou gen pou nou ofri yo. Avèk sipò Gouvènè a, nou te fè yon lòt gran investisman ankò k ap konpleman sant vil mèveye nou an, k ap pote nouvo opòtinite pou zòn nou an epi ajoute sou siksè nou te wè deja isit la nan Schenectady pandan ane ki sot pase yo.”

**Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare,** “Soti nan nouvo kazino a devlopman a izaj miks nan Mohawk Harbor la rive nan distri boza sant vil la ki ankre sou sal teyat Proctors Theater a, nou ap transfòme Schenectady pou l vin tounen yon sant ki plen aktivite kiltirèl ak ekonomik gras a investisman Gouvènè Cuomo ap fè yo. Estasyon an pral ajoute sou investisman sa yo pou l kreye yon nouvo pòtay dantre nan vil nou an epi atire plis vizitè ak plis revni. Mèsi Gouvènè Cuomo pou angajman w pran pou revitalize Schenectady pou jenerasyon aktyèl yo ak sila kap vini yo.”

**Prezidan Chanm Lejislatif Konte Schenectady, Anthony Jasenski te deklare,** “Konsantrasyon solid Gouvènè a mete sou modènizasyon enfrastrikti atravè tout eta a ap bay randman pou rezidan Konte Schenectady yo. Etap enpòtan nou atenn la nan estasyon tren Schenectady a se egzakteman jan de pwogrè nou espere kontinye wè atravè tout vil la nèt. Yon fwa yo fini l, estasyon sa a pral katalize redemaraj vil la ap kontinye fè a, l ap transfòme jan moun yo antreprann biznis anndan ak ozalantou Schenectady, epi l ap sipòte yon ekonomi ki pi dirab pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

**Prezidan Otorite Metroplex Konte Schenectady a, Ray Gillen te di,** “Aprè plizyè ane nou t ap andire ansyen Estasyon Schenectady a ki t ap fin kraze a, nou resi ap pran mezi pou nou ranplase bilding lan pou n mete yon estasyon 21<sup>èm</sup> syèk ki merite Schenectady. Nouvo estasyon an pral amelyore vwayaj ale retou nan Schenectady pou rezidan nou yo epi l ap atire nouvo touris ak nouvo aktivite ekonomik vini nan rejyon an. Sa se yon pwojè ki ta dwe fèt depi byen lontan, epi mwen gen Gouvènè Cuomo larekonesans pou angajman inebnanlab li pran pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte. Estasyon Schenectady a ap yon testaman k ap pwouve efò devwe Gouvènè a ap fè pou l rekonstwi enfrastrikti transpò atravè tout eta yo.”

**Prezidan Inivèsite Kominotè Konte Schenectady a, Steady H. Moono ti di,** “Rekonstriksyon estasyon tren Schenectady a se yon gran investisman ki enpòtan anpil pou kominote nou an ki pral benefisye Nouyòkè yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Transfòmasyon liy ray yo pral atire plis touris, l ap ogmante pwodiktivite ekonomik, epi li pral amelyore eksperyans vwayaj pou tout rezidan yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pran anè pèp Schenectady a epi pou travay l ap fè pou amelyore enfrastrikti ansyen toupatou atravè Eta New York yo. Inisyativ li yo ap trase chemen anè siksè ak kwasans alavni nan Schenectady ak atravè tout eta a.”

**Administratè Jeneral Rivers Casino a, Mary Cheeks te di,** “Rejyon Kapital la te devlope ak amelyore anpil gras a angajman Gouvènè a pran pou amelyore tout sa zòn lan gen pou l ofri yo epi investi nan nouvo atou pou atire nouvo biznis ak anpil lajwa. Nouvo Estasyon Schenectady a pral ranfòse efò transfòmatif sa yo, l ap rann

Schenectady pi atiran pou touris yo, epi l ap founi plis opòtinite pou rezidan yo ka vwayaje. Mwen atann pou m travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou nou kontinye revitalize Rejyon Kapital la.”

**Philip Morris, ki se PDG Proctors la te di,** “Li vrèman gratifyan pou nou kapab wè transfòmasyon Schenectady a fèt devan je nou la atravè pwojè tankou pwojè sa yo. Gouvènè Cuomo wè gran potansyèl vil genyen, epi li modènize ak agrandi atou nou genyen deja yo, nou ka atenn potansyèl sa a. Enfrastrikti ki efikas enpòtan anpil pou pwosperite nenpòt vil, epi avèk nouvo Estasyon Schenectady a, nou pral rekòlte benefis nouvl opòtinite ekonomik ak touris pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Gras a konstriksyon an, yo te demenaje tren vwayajè Amtrak jere yo pou mete yo nan Espas Pakin Liberty Street la ki tou pre a. Amtrak pral kontinye posede, fè fonksyone ak mentni estasyon an nan plas ansyen lokalite estasyon Amtrak la ki sitiye nan 332 Erie Boulevard. Amtrak tou pral kontribiye nan nouvo Sistèm pou Afiche Enfòmasyon pou Pasaje (Passenger Information Display System) nan nouvo estasyon an.

Gouvènè Cuomo te fè konpetisyon avèk siksè, epi li te jwenn finansman chemennfè pasaje ki ra nan plizyè ane ki pase yo. Sou lòd Gouvènè, New York te kapitalize sou finansman federal limite a epi li te bay fon korespondan adisyonèl pou fini kèk nan pwojè ki gen plis priyorite yo te idantifye nan Plan Ray Tren Eta New York la (New York State Rail Plan).

New York te fè investisman enpòtan tou nan nouvo estasyon tren ki nan Niagara Falls la, yo te fini l pandan ivè ki sot pase la, ak nan Rochester yo pral fini l pandan ete sa a. Gen trè gran modènizasyon kap fèt nan rejyon sid eta a tou, avèk finisman Faz 1 pwojè Estasyon Moynihan lan ak travay Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ap fè nan pwojè Harold Interlocking lan.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon an tan reyèl, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org), oswa konekte sou telefòn selilè w sou [m.511ny.org](http://m.511ny.org).

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT).

###

W'ap jwenn lòt nouvl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418